



# Sa ou Dwe Konnen sou: Lavi ak Anemi Falsifòm

## Pwoteje pwòp sante w!

Sèvi ak asirans Medicaid la pou ede w rete an sante.

## Avantaj Medicaid sa yo ka ede ou evite pwoblèm

- **Vizit medikal**, pou ou ka pale ak pwofesyonèl swen sante ou sou kijan ou santi ou.
- **Medikaman, tankou hydroxyurea**, ki ka ede ou rete an sante epi evite doulè.
- **Vaksen**, pou ede anpeche enfeksyon.
- **Tès medikal**, pou veye sou sante ou ak tcheke kijan ògàn ou ap fonksyone.
- **Sèvis jesyon swen** nan pwogram Kay Sante a, ki ka ede ou fè aranjman pou sèvis ak swen medikal ou bezwen.



*Si ou gen kesyon sou fason pou w itilize avantaj ou yo, rele nimewo telefòn ki sou kat Medicaid ou an.*

Pou jwenn plis enfòmasyon sou anemi falsifòm, tanpri ale sou:

[www.cdc.gov/ncbddd/sicklecell](http://www.cdc.gov/ncbddd/sicklecell)

## Konprann Anemi Falsifòm

### Èske ou te konnen...?

- Maladi anemi falsifòm nan ka afekte globil wouj ou yo. Li chanje fòm yo. Men tan pou yo won, yo plis sanble ak lèt "C" a.
- Maladi anemi falsifòm ka fè globil wouj yo mouri pi vit. Lè sa rive, pa gen ase selil pou pote oksijèn nan tout kò a. Yo rele kondisyon sa a anemi.
- Maladi anemi falsifòm fè globil wouj yo kole ansanm epi kole nan veso sangen yon. Sa ka bay doulè, boul nan san, ak pwoblèm avèk ògàn tankou kè a, poumon an, ak ren yo.<sup>1,2</sup>
- Lè yon moun gen anemi falsifòm sa ka fè li pi fasil pou yo gen enfeksyon tou.<sup>3</sup>
- Moun ki gen maladi falsifòm yo fèt ak li. Yo estime anviwon 100,000 Ameriken gen maladi sa a.<sup>4</sup>
- Yon moun ki gen anemi falsifòm ka viv yon bèl vi pandan anpil tan.

## Kijan pou w toujou santi w anfòm

### Kisa ou ka fè?



Planifye epi kenbe vizit ou genyen ak doktè w yo.



Pwofesyonèl swen sante ou ka preskri medikaman ki rele **hydroxyurea** pou ede ou kontwòle maladi ou epi evite kriz doulè. Swiv enstriksyon pwofesyonèl swen sante ou pou pran medikaman an. Kontinye pran li menm si ou santi ou byen.



Pale ak pwofesyonèl swen sante ou sou kijan pou w kenbe vaksen ou ajou, sitou vaksen pou ede anpeche ou pran nemoni.



Lave men ou souvan avèk savon ak dlo plizyè fwa pa jou.

Manje sa ki bon pou lasante.



Bwè anpil dlo.



### Eseye evite:

- Fè bagay ki ka fè ou santi ou twò cho oswa twò frèt.
- Rete nan altitud ki wo (tankou vole nan avyon oswa vizit sèten vil).
- Fè gwo egzèsis.

## Lè ou konnen kilè pou w al chèche èd medikal

Suiv enstriksyon Gid Ijans pou Anemi Falsifòm nan ki sou

<https://www.cdc.gov/ncbddd/sicklecell/healthyliving-emer-guide.html>

<sup>1</sup>: <https://www.cdc.gov/ncbddd/sicklecell/betterhealthtoolkit/caring-for-common-complications.html>

<sup>2</sup>: <https://www.cdc.gov/ncbddd/sicklecell/treatments.html>

<sup>3</sup>: <https://www.cdc.gov/ncbddd/sicklecell/treatments.html>

<sup>4</sup>: <https://www.cdc.gov/ncbddd/sicklecell/data.html>